



**Olga Hugelmeyer**  
Superintendent of Schools

15 Oktòb 2021

A Fanmi Lekòl Piblik Elizabeth yo,

Lekòl Piblik Elizabeth angaje nan lanse bon jan sante nan domèn sosyal, entelektyèl, ak fizik kòm yon pati nan efò li yo pou kreye anviwònman ki an sekirite avèk swen pou tout manm nan kominote aprantisaj li yo.

Youn nan fason nou ka ede pwoteje sante nou ak sante moun ki antoure nou se pou pran yon vaksen kont grip la. Sezon sa, yo pral kreye tout vaksen kont grip pou pwoteje kont kat viris grip ke rechèch endike ki pral pi komen. Tout moun ki gen laj 3 a 5 ane oblije pran yon vaksen kont grip la chak ane, sil posib nan fen mwa Oktòb oswa kòmansman mwa Novanm. Tout elèv preskolè dwe gen prèv kanè vaksen yo pou remèt a enfimyè lekòl la pa pita ke 23 Desanm 2021. Prèv vaksen sa obligatwa pou tout preskolè ale lekòl Lendi 3 Janvyè 2022.

Union County Immunization Clinic la, ki chita nan 40 Parker Road nan Elizabeth, ap ofri vaksen kont grip gratis pou timoun preskolè Union County ki gen laj twa ak kat ane **Mèkredi 27 Oktòb ak Mèkredi 3 Novanm** apati 4:00 p.m. a 7:30 p.m. Yo ap resevwa moun ki pa gen randevou pou ka pran vaksen an.

Pandan nou ap apwoche sezon ivè a, li enpòtan anpil pou nou kontinye mete aksan sou bon pratik sante pèsònèl ak sante piblik. Yon pati enpòtan nan efò sa yo, anplis de fè netwayaj ak itilize dezenfektan nan anviwònman aprantisaj ki fèt pa ekip gadyen lekòl nou yo, se pratike ak ankouraje bon jan ijyèn nan lave men. Kenbe yon anviwònman pwòp, san danje, ak sante mande pou yon sans pataje responsablite ak yon patisipasyon tèt ansanm pa tout manm nan kominote aprantisaj nou an.

Nou di mèsi a Union County Board of County Commissioners poutèt yo patwone evènman enpòtan sa anndan kominote Elizabeth la e nou swete ou pral pwofite opòtinite sa pou ede pwoteje tèt ou kont grip la.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer

**Office of the Superintendent of Schools**

# Union County

## Vaksen Kont Grip

### Gratis



Pou moun ki rete Union County laj 3 ane e pi wo:

- Mèkredi 27 Oktòb 4:00 P.M. a 7:30PM
- Mèkredi 3 Novanm 4:00 P.M. a 7:30 PM
- Nan Union County Immunization Clinic
- 40 Parker Rd. Elizabeth, NJ 07208

**Ou ka vini san randevou!**



Sponsored by the Union County  
Board of Chosen Freeholders

**UNION COUNTY**  
*We're Connected to You!*